жағдай қәўетерге салады. Бул қосықтың мазмуны пүткил дүньяға тынышылық ҳәм татыўлық тилеўге қаратылған.

XX әсирдиң ақырында мәмлекетлер ара келиспеўшиликлердиң келип шығыўы, айырым кимселердиң тынышлықты бузыўға қаратылған бузық нийетлерине байланыслы лирикалық қаҳарманның тәшўишлери, кеўил сарайындағы дағдарыслы ойлары сәўлеленген. Дүньядағы қәўетерли қубылысларды образлы сәўлелендириў ушын дүньяны «бузылған ҳәрре уясына» теңейди. Билип-билмей ҳәррениң уясы бузылса, ондағы ҳәррелердиң тынымсыз ғаўлап, өз душпанынан жан таласа өш алыўға кирисетуғыны тәбият қубылыслары арқалы белгили. Мине, усындай әпиўайы тәбийий көринисти шығармада пүткил дүньялық машқаланы бериў ушын пайдаланып, шығарманың көркем-эстетикалық тәсирин күшейте алған. Шайыр өз жәмийетиниң алдыңғы қатардағы саналы бир ағзасы сыпатында өз халқының ғана емес, ал Жер жүзиндеги ҳақ нийетли инсанияттың тынышлығын тилейди, дослығын жырлайды, олардың қуўанышы менен қайғысын ортақласады.

«Метонимия грек тилинен алынып – қайтадан атаў деген мәни аңлатады. Сөздиң аўыспалы мәнисине тийкарланған троплардың бир түри. Метонимияда сүўретленип атырған зат ямаса ўақыя басқа ат пенен қайта аталады» [1:129].

Бул **«көкқағаз»** шытырласа қай жерде,
Журт қулағы ербең етип алаңлар. [5:6].

Бул қатарларда метонимия арқалы пикирдиң образлылығы еле де күшейтилген. «Көкқағаз»дың шытырлаўы менен журт қулағының ербең ете қалыўы арқалы доллардың социал-экономикалық турмысымызда әҳмийетиниң жоқарылап кеткенлиги, адамлар арасындағы қарым-қатнас нормасының да доллар нырқы менен өлшенип атырғанлығы ҳаққында мазмун көркем сәўлеленген.

Синекдоха– грек тилинен алынып, уқсатыў мәнисинде. Көркем шығармада бир пүтинниң орнына оның бир бөлегин алып сүўретлеў қуралы. Синекдоха предметлер арасындағы муғдарлық, санлық байланысқа тийкарланған болады.

Шайырдың досты Оразақ Бекбаўлиевке арнап жазған ҳәзил қосығында «мурын» синекдохасы қолланылған.

Бес төбеден нәзер салсам ҳәр жайға,
Маған бир әжайып **мурын көринди**,
Ышқы оты жаман екен жанларым,
Мурынлар ишинде бурын көринди [5:63].

Шайырдың дослық сезимлери ҳәзил түринде берилген. Қосықты бастан ақырына оқып қарағанымызда қаҳарман етип алынған шайырдың заманласы О.Бекбаўлиевтиң характери, инсан сыпатындағы келбети, ҳақ кеўиллиги, кеўли тазалығы «мурын» синекдохасының әтирапына жәмлеп сәўлелендирилген. Синекдоха – ой-пикирди көркемлеп бериў ушын қолланылатуғын поэтикалық қураллардың бири.

Усы қосықта орынлы қолланылған **гипербола** да қосықтың көркемлигин тәмийинлеўге қатнастырылған. Көркем шығармада анаў яки мынаў нәрселерди, шараятларды, персонажларды, олардың ис-ҳәрекетлерин ҳәдден тыс үлкейтип, асыра сүўретлеў гипербола деп аталады. Көркем сөз шеберлери тәсиршеңликти күшейтиў, образлылықты арттырыў мақсетинде гиперболаны қолланады.

Досжан, Омарлардың пәти басылды,
Биразлар мурт қойып, мурнын жасырды,
Шылпық пәсте қалып, таўлар бас урды,
Бийигинен Кавказ, Қырым көринди. [5:63]

Шайыр гиперболаны қолланыў арқалы лирикалық образдың ишки дүньясын терең ашыўға ҳәм қосықтың юморлық сыпатын күшейтиўге ерискен. Бул қатарларды оқығанда ерксиз жеңил күлки пайда болады, еки талант ийеси арасындағы беккем дослық түсиниледи.

И.Юсупов лирикасында көркемлеў қураллары мазмунды эмоционал жеткериў ушын қолланылады. Шайыр қосықларында қосықтың көркемлигине айрықша итибар берилген, оның шығармаларында сүўретлеўдиң әпиўайы ҳәм тийкарғы қуралы болған теңеўлер поэтикалық мазмунды айдынластырыўға хызмет етип келеди. Шайырдың дөретиўшилик потенциалын оның қосықларындағы сәтли табылған метафоралар, эпитет, метонимия, синекдоха, гипербола ҳәм басқа да көркем сүўретлеў қураллары белгилейди.

Улыўмаластырып айтқанда, шайыр лирикаларында ойлаў диопазоны, пикирлери, жәмийетлик қубылысларға көзқарасларын бериўде көркем сүўретлеў қураллары көркем-эстетикалық хызмет атқарады.

**Әдебиятлар**

1.Ахметов С., Есенов Ж., Жәримбетов Қ. Әдебияттаныў атамаларының орысша-қарақалпақша түсиндирмели сөзлиги. – Нөкис: «Билим». 1994.
2. Виноградов В. Стилистика, теория поэтической речи, поэтика. –Москва: 1963.
3. Поляков М.Я. Вопросы поэтики и художественной семантики. –Москва: «Советский писатель»,1986.
4. Жирмунский В. Теория литературы. Поэтика. Стилистика. –Москва: «Наука», 1977.
5. Юсупов И. Ҳәр кимниң өз заманы бар. -Нөкис: «Қарақалпақстан», (екинши басылыўы) 2014.

**РЕЗЮМЕ**

Мақолада бадиий тил хусусиятлари, назарий асослари ҳақида фикр юритилади. Шоир И.Юсупов асарларидаги бадиий воситаларнинг қўлланиш хусусиятлари ва бадиий-эстетик вазифалари сўз этилади.

**РЕЗЮМЕ**

В статье рассматриваются особенности и теоретические основы литературного языка. Обсуждаются особенности использования художественных средств и художественно-эстетических функций в творчестве поэта И. Юсупова.

**SUMMARY**

The article discusses the features and theoretical foundations of literary language. Features of the use of artistic means and artistic and aesthetic functions in the works of the poet I. Yusupov are discussed.

## ДАРАҚТ (АҒАШ) ӨСИМЛИГИ МЕНЕН БАЙЛАНЫСЛЫ МИФОЛОГИЯЛЫҚ ОЙЛАЎЛАР ҲАҚҚЫНДА

(өзбек, қарақалпақ ҳәм инглис фольклоры мысалында)

**Р.Сапарниязов** – *ассистент оқытыўшы*
*Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети*

**Таянч сўзлар:** фольклор, тотем, ёғоч, ўсимлик, олма, тушунча.
**Ключевые слова:** фольклор, тотем, дерево, растение, яблоко, понятие.
**Key words:** folklore, totem, tree, plant, apple, concept.

Түркий халықлар фольклорының дереклери ерте дәўирлерден саға алып, оның раўажланыўында халықтың турмыс тәризи, салт-дәстүрлери үлкен әҳмийетке ийе екени мәлим. Сонлықтан, халқымыздың арзыў-әрманларын, салт-дәстүрлерин, мәдениятын өзинде жәмлеген фольклор шығармаларын жас әўлад ҳәм дәўир талапларына тән ҳалда кең жайыў, оны халық көпшилигине жеткериў, дүнья филологиясының ең актуал теориялық концепциялары тийкарында үйрениў бүгинги әдебияттаныў ҳәм фольклортаныў илиминиң баслы ўазыйпаларынан бири екени ҳәммемизге мәлим. Сонлықтан, материаллық емес, мәдений мийрасымызды үйрениўге, оларды кең оқыўшыларға жайыўда ҳәзирги ўақытта елимизде мәмлекет дәрежесинде итибар берилмекте. «Ҳәр қайсы халықтың ертедеги тарийхы ҳәм мәденияты, ең биринши гезекте, оның аўызеки дөретиўшилиги – фольклор өнеринде, дәстан ҳәм эпосларында жәмленген болып, олар миллеттиң өзлигин аңлаўы, оның өзине тән миллий қәдириятлары ҳәм дәстүрлерин сақлаў ҳәм раўажландырыўда бийбаҳа дерек есапланады» [1] - деген пикирлер халқымыздың неше жыллар даўамында қәстерлеп сақлап киятырған мийрасымызға деген үлкен итибардың уллы екенин дәлиллейди. Соның менен бирге, фольклор мийрасымызда халқымыздың ерте дәўир турмысы түсиниклери менен бирге мифологиялық ҳәм диний көзқараслардың да кең орын алғаны мәлим. Бул ҳаққында илимий ҳәм диний

китапларда да бирқанша мағлыўматлар сақланғаны көзге тасланады. Сонлықтан, халқымыздың фольклорын үйренип, оны басқа халық мәденияты, әдебий мийрасы, фольклоры менен салыстырыў, ондағы уқсаслық ҳәм өзгешеликлерди анықлаў бүгинги күндеги илим алдында турған актуал мәселелерден бири. Биз де усындай көзқарасларға тийкарланған ҳалда бул мақаламызда халқымыз арасында дарақт (ағаш) өсимлиги менен байланыслы мифологиялық ойлаўлардың, түсиниклердиң кең сақланып қалғаны, олардың ҳәзирги турмысымыздағы әҳмийети ҳәм де бир-биринен мәдений, территориал узақлықта болған инглис фольклорындағы уқсаслықларды, типологиясы ҳәм өзгешеликлерин салыстырмалы изертлеўди мақсет еттик.

Түркий фольклоры менен инглис фольклорының аралық байланысы мәселелери фольклортаныў илимпазларын көп ўақытлардан бери қызықтырып киятырған мәселелердин бири. Мәселен, өзбек фольклорында өзбек халық мақалларының инглис тилине көркем аўдармасы ҳәм де өзбек, инглис мақалларының салыстырма-типологиялық қәсийетлерин үйрениўге арналған Д.Рахимбоева, Г.Каримова, О.Холмуродовалардың кандидатлық диссертацияларын айрықша атап өтиў орынлы [2].

Инглис яғный, Британия фольклорындағы мифологиялық образлардың өзине тән қәсийетлерин изертлеген Г.Назарова “Британия фольклорында да ҳәр қыйлы мифологиялық образлар ушрасады. Олар мифлер ҳәм әпсаналардың тийкарғы персонажлары ретинде көркем тәсиршеңликти жоқарылатыўға хызмет етеди. Мифологиялық образлар Британия фольклорының тийкарғы қаҳарманларынан есапланып, олар әсирлер даўамында әўладтан-әўладқа ҳәр түрли дереклер арқалы өтип келмекте. Ҳәттеки, гейпара мифологиялық образлар ҳаққындағы көзкараслар бүгинги күнге шекем сақланып келетуғыны менен итибарды тартады”[3:170] – деп белгилейди.

«Мифология тек ғана сыйқыр-қупыядан ибарат болмай, ал онда ертедеги инсан ойлаўының ҳәр түрли тәреплери де белгили болады. Оларда турмысқа, жәмийетке, тәбиятқа болған мүнәсибет сәўлеленеди. Бул шығармалар халық дөретиўшилигиниң ертек, дәстан сыяқлы жанрларының, қалаберсе, жазба әдебиятының пайда болыўы ҳәм раўажланыўында тийкарғы имканият болып хызмет етти. Буннан тысқары, мифология ертедеги инсан руўхый-адамгершилигиниң жуўмағы болып, оларда жоқары тәрбиялық-моралльқ мәселелер де өзиниң сәўлесин тапқан» [4:4].

Сонлықтан, бизиң ҳәзирги турмысымызда адамлар арасында бирқанша мифологиялық түсиниклер де жасап, олардың тийкары ертедеги дәўирлерге барып тақалатуғыны сыр емес. Мәселен, ҳәммемизге мәлим, тотемизм түркий халықлар мифологиясының ең ертедеги көринисине тән ойлаўлар системасы болып, адамлардың ҳәр түрли жәниўарлар, өсимликлер яки зат-ҳәдийселер менен қарым-қатнасы, қан-қарындаслығына исеним тийкарында келип шыққан. Яғный, «тотемизмде гейпара өсимлик (дарақт) ҳәм ҳайўанлар адамлардың қорықлаўшысы ҳәм тәңириси есапланған. Белгили қәўим ағзалары анық бир ҳайўан яки өсимлик тұқымынан тарқалған деген түсиник қәлиплескен. Сонлықтан, тотем олар ушын иләҳий (муқаддес) есапланған» [5:12].

Соның ушын, түркий халықларда бөри, айыў, бүркит, жылан, қой, кийик, өгиз сыяқлы жәниўарлардың қатарында дарақт (ағаш, терек) тотеми де бар болған [6:35-38]. Бирақ, солай да болса, дарақт тотеми менен байланыслы мифологиялық көзқараслар этнографикалық [7:100-106] ҳәм фольклористикалық [8:32-33] көзқарасынан белгили дәрежеде үйренилген бирақ, бул исенимниң келип шығыў тарийхы ҳәм де фольклор шығармаларындағы көркем талқы мәселеси арнаўлы үйренилмеген. Түркий фольклорында адамның дарақттан пайда болыўы ҳаққындағы архаикалық мифлер сюжетиниң ертедеги үлгилери жетип келмеген де болса, өсимликлер менен байланыслы халық көзқараслары, әпсаналар, қосықлар, ертек ҳәм дәстанларда дарақтқа байланыслы ҳәр түрли тотемистик исенимлердиң излери баянланғаны көзге тасланады. Сонлықтан, дарақт тотеми менен байланыслы мифологиялық көзқарасларды дүнья халықлары, усы орында, түркий халықлар: өзбек, қарақалпақ фольклорының материаллары менен салыстырмалы үйрениў күтилген нәтийжени бере алады.

Айрықша, жер жүзинде адамның пайда болыўы ҳаққындағы антропогеник әпсананың таўлы алтай фольклоры арқалы жетип келген бир үлгисинде инсан бир жүбит дарақттан жаратылғаны айтылған. Ең биринши адамлардың атасы Олған (Улган), анасы болса, Имай (Ымай яғный Умай) болып, бул еки мифологиялық персонаж әпсанада еки дарақт ретинде талқы етилген. Соның ушын таўлы алтайларда ҳәр бир урыўдың өз «шежире дарақты» бар. Буннан тысқары, Сибирь ҳәм Енисей бойларында жасаған түркий халықларда муқаддес есапланған дарақтлар этникалық мәденияттың мифологиялық мазмунын түсиндириўши баслы элементлеринен бирине айналған. Мәселен, таўлы алтайлардың мифологиясында «Бай терек», якут әпсаналардағы «ААрЛууп» мине, сондай муқаддес дарақтлар қатарына киреди [9:24].

Фольклортаныў илимпазы Н.В.Емельяновтың жазыўына қарағанда, Аал Луук өмир дарақтының аты болып, якут халық эпосы «Олонхо» қаҳарманы мине, усы муқаддес дарақттың астында дүньяға келген [10:31-36].

Ертедеги түркийлерде дарақт тотемине исеним күшли болғанлығын тастыйықлайтуғын тийкарғы бир дәлил X әсирде жасаған араб саяхатшысы Ибн Фадлан саяхатнамасында келтирилген. Ибн Фадлан башқуртлар ҳәм қыпшақлардың территориясына барғанда олардың мойнында ағаш пәршеси асылып турғанын көрип, буның себебин сорағанда олар: «Бизлер дарақттан жаралғанмыз, дарақттан басқа иләҳийликти билмеймиз», - деп жуўап берген [11:66]. Бул факт башқурт ҳәм қыпшақлардың фольклорында дарақт тотеми ҳаққындағы мифтиң бар болғанлығына дәлил бола алады.

Өзбек халық аўызеки көркем дөретиўшилигинде адамның дарақттан пайда болғанлығы ҳаққында мифлер бар болған. Себеби, хорезмлилердиң исламнан алдынғы исенимлерин изертлеген этнограф алым Г.П.Снесаревтың жазып алған бир әпсанасынан усындай жуўмақ шығарыўға тийкар бар. Онда баян етилиўине қарағанда, аспаннан түскен Харут ҳәм Марут атлы пәриштелердиң гүнаҳқа батыўына себеп болған қыз тийкарында тут ағашынан жасалған қуўыршақ болып, сыйқыр себепли оған жан кирген екен. Қыз усындай гөззал болған екен, оның қайталанбас жамалын көрип, хуўшынан кеткен периштелер гүна ислерге қол урған. Бирақ, гөззал ҳәм таза қыз пейли жақсы болмаған Харут пенен Маруттың жолынан барыўды қәлемеген ҳәм тут дарақтының денесине кирип көзинен ушып кеткен [12:204]. Бул әпсана сюжетиниң тийкарын пайда еткен ерекше (дәстүрий болмаған) туўылыў мотиви дарақт культы менен байланыслы тотемистик ойлаўларды өзинде жәмлегени менен өзгешеленеди.

«Инглис фольклорында жасыл адам (Jack-in-the-Green) тәбият тымсалы есапланады. Бул мифологиялық образ биринши мәртебе Кельт фольклорында пайда болғанлығы шама етиледи. Тек ғана еркек көринисинде сәўлелендириледи. Оның көриниси жапырақлардан дүзилген болып, көриниси жасыл ренде болғаны себепли жасыл адам деп аталады. Бул образ Орта әсирлер архитектурасы ҳәм сүўрет өнеринде, соның менен бирге, инглис дөретиўшилигинде көп ушырасады. Инглис әдебиятындағы танымалы поэмалардан бири “Сэр Гавейн ҳәм Яшил Рицарь”да жасыл адам тийкарғы қаҳарман ретинде сүўретленген»и [13:172].

Қаҳарманның дарақттан пайда болыўы, яғный иләҳий ҳәм тәңрилер дарақт-ана баўырында кәмалға келиўи мотиви дүнья мифологиясының уқсас элементлеринен бири есапланады. Айрықша, әййемги ҳинд эпосы «Ригведе»да баян етилиўине қарағанда, дарақт денесин өзине мәкан етип алған от тәңри Агни «ҳәмиледар ҳаял денесинде әжайып көринисте өсип киятырған ҳәмиле»ге уқсатылады. Оның күш-қүдирети ҳаққында сөз еткенде, «Эй, бәрқулла

өмир тиришлиги илəҳийлик, қашан да сен қурыған дарақттан туўылғаннан кейин барлық қайталанбайтуғын қүдиретиңди аңлайсан» делинеди [14:172-173].

Дарақттан туўылыў ҳаққындағы тотемистик исенимниң өзине тəн эпикалық талқысы фольклор шығармаларында қаҳарманның бирде бир мийўа яки өсимликти жеўи менен ҳəмиледар болған ананың перзенти ретинде ғайрийтəбийий рəўиште дүньяға келиўи көринисинде мотивлестирилгенин көремиз. Фольклортаныў илимпазы Ғ.Жалоловтың жазыўына қарағанда, өзбек халық сыйқырлы ертеклеринде «көбинесе баласы болмаў азабы менен езилген патша яки басқа бир киси (адам) дийўанаға дус келип, ол сол адамға сыйқырлы (купыялы) мийўа (яғный, алма) береди. Мине, усы сыйқырлы мийўени жеген ҳаял ертектиң тийкарғы унамлы қаҳарамын дүньяға келтиреди» [15:65]. Әсиресе, өзбек фольклорында «Зар кокилли йигит» ертегинде бийперзент адамға дус келген жалмаўыз кемпир өзиниң қасынан бир алма шығарып, «Усы алманы ҳаялыңа жегиз, саған ул бала туўып береди», - деп айтады. Кемпир айтқанындай болып, ол кисиниң ҳаялы сол алманы жегеннен кейин ҳəмиледар болып, ул презенти болады [16:351].

Түркий халықлар фольклорында кең жайылған «Таҳыр ҳəм Зуҳра» ертегинде ақ сақаллы шал қасынан еки қызыл алманы шығарып, бирин патшаға, бирин ўəзирге береди: «Мен алманы сизлерге усы шəрт пенен беремен, қайсы бириңиздиң ҳаялыңыз ул перзент туўса, атын Таҳыр қойың, ким қыз перзент туўса, атын Зуҳра қойсын», - дейди [14].

Орайлық Азия ареалы фольклорында кеңнен белгили болған “Кишкинежан кишкине” ертегинде болса қəлендар ата бийперзент патшаға қасынан үш алма шығарып береди: «Бул еки қызыл алманы еки ҳаялыңға бер, ақ алманы болса ең жақсы көрген ҳаялың жесин, бəлким перзентли боларсаң», - дейди. Патшаның еки ҳаялы алмаларды сол ўақытта жейди, киши ҳаялы кир жуўып атырғаны себепли алманы бир тислеп таслайды да, «кейин жиймен» деп бир шетке қояды. Сол пайытта аспаннан бир жылан келип, баяғы бир тислеген алманы алып кетеди. Арадан тоққыз ай өткеннен кейин патшаның үлкен ҳаялы қулындай, ортаншысы болса томпақ, киши ҳаялы болса арық ул презентти дүньяға келтиреди [18:57].

Фольклордағы «Алпамыс» дəстанының өзбек ҳəм қарақалпақ версияларында, өзбек бақсысы Бөрибай Аҳмет улының вариантында да Байбөри менен Байсарының ҳаяллары бир қəлендар берген алманы екиге бөлип жегенлеринен кейин ҳəмиледар болып, перзентли болады [19].

Эпикалық қаҳарманның дəрўиш тəрепинен берилген алманы жеген анадан туўылыў мотиви азербайжан халық ертеклерине де тəн қəсийет болып, көбинесе егизеклер культына байланыслы сюжетлердиң дизиминде қатнасыўы гүзетилген [20:34-35].

Жуўмақлап айтқанымызда, эпикалық қаҳарманның дарақт яки белгили бир өсимлик мийўеси жəрдеминде дүньяға келиў мотивиниң тарийхы тийкарлары тотемистик ойлаўларға, түсиниклерге байланысады. Себеби, ертедеги адамлар ҳаял денесинде ҳəмиледарлықтың пайда болыўы тотем бенен байланыслы деп ойлаған яғный, тотем ретинде түсинилген жəниўар ети, сүти, өсимлик мийўеси, жапырағы ҳəм т.б. жесең ҳəмиледарлықты келтирип шығарады деп исенилген, түсинилген. Басқаша айтқанымызда, адамның туўылыўы – ҳаял денесине тотемниң кириўи менен түсиндирилсе, өлим жанның өз тийкарғы мəканына, яғный тотемге қайтыў қуралы деп билгенлер. Соның ушын да, ертек қаҳарманларының анасы арпа, мəкке, жүўери, алма, анар, суў көбиги ҳəне басқа затларды жегеннен кейин ҳəмиледар болады деп баянланған.

## Әдебиятлар


1. Ўзбекистон Республикаси Президенти Шавкат Мирзиёевнинг халқаро бахшичилик санъати фестивали очилишига бағишланган тантанали маросимдаги нутки. / «Халқ сўзи» - Тошкент: 2019 йил, 7 апрель.
2. Рахимбаева Д. Сравнительная типология узбекских народных пословиц. Дисс.кан.фил.наук. -Ташкент: 2002, Ўзбек ва инглиз кумулятив эртакларининг қиёсий-типологик тадқиқи. Дисс. Автореферати. –Тошкент: 2020.
3. Назарова Г. Британия фольклоридаги мифологик образларнинг ўзига хослиги. Бухаро давлат университети Ilmiy Axborot. 2018. №4.
4. Собирова Н. Хоразм ошик туркуми достонлари сюжети, етакчи мотивлари ва образлар тизимининг мифологик асослари. -Урганч: 2003.
5. Аширов А. Ўзбек халқининг қадимий эътиқод ва тасаввурлари. -Тошкент: Ўзбекистон миллий кутубхонаси нашриёти, 2007.
6. Толстов С.П. Древний Хорезм. -М.: МГУ, 1948. Традиционное мировоззрение тюрков Южной Сибири. Знак и ритуал. -Новосибирск: «Наука», 1987.
7. Зеленин Д.К. Тотемистический культ деревьев у русских и белорусов. -Л.: 1933; Тотемы-деревья в сказаниях и обрядах европейских народов. –М-Л.: 1937; Усмонова М.У. Дерево в традиционных представлениях хакасов // Вопросы этнокультурной истории Сибири. –Томск: 1980.
8. Чоршанбиев М. Ўзбек фольклорида дарахт билан боғлиқ тотемистик қарашлар. // Ўзбек тили ва адабиёти. – Тошкент: 1998. № 6.
9. Сагалаев А.М. Урало-алтайская мифология. Символ и архетип. – Новосибирск: “Наука”, 1991.
10. Емельянов Н.В. Сюжеты якутских олонхо. – М.: «Наука», 1980.
11. Путешествие Ибн-Федлана по Волге. -М-Л.: 1939.
12. Снесарев Г.П. Реликты домусульманских верований и обрядов у узбеков Хорезма. - М.: «Наука», 1969.
13. Назарова Г. Британия фольклоридаги мифологик образларнинг ўзига хослиги. Бухаро давлат университети Ilmiy Axborot. 2018. №4.
14. Овяснико-Куликовский Д.Н. Религия индусов в эпоху Вед // Избранные труды русских индологов-филологов. – М.: «Наука», 1962.
15. Жалолов Ғ. Ўзбек фольклорида жанрлараро муносабат. – Тошкент: «Фан», 1979.
16. Булбулигўё. Ўзбек халқ эртаклари. –Тошкент: 1986.
17. Ўзбек халқ эртаклари. 2 жилдлик. 2-жилд. -Тошкент: Адабиет ва санъат нашриёти, 1995.
18. Ўзбек халқ эртаклари. Тузувчи: Муродов. -Тошкент: «Мерос», 1992.
19. ЎзР ФА Алишер Навоий номидаги Тил ва адабиёт институти Фольклор архиви. Инв.№1553.
20. Казымоглы М. Миф о близнецах и проблема двойника в фольклоре // Вестник тюркского мира. – Махачкала: 2009, №1.



**РЕЗЮМЕ**

Ушбу мақолада ҳалқимизнинг моддий эмас, маданий мероси бўлган фольклорида тотем билан боғлик тушунчаларнинг кенг ўрин олиши, одамнинг пайдо бўлиши, дарахт, ёғоч, ўсимликлар билан боғлиқ тушунчаларнинг қадимий асослари тотемларга бориб тақалиши ўзбек, қорақалпоқ ва инглиз фольклорлари мисолида қиёсан ўрганилган.

**РЕЗЮМЕ**

В данной статье исследуется значимость понятий в сопоставительном плане, связанных с духовным богатством нашего народа, о глубоких истоках понятий и поверий, о взаимосвязи человека с растительностью, деревьями и кустарниками как тотемных символов на примере узбекского, каракалпакского и английского фольклора.

**SUMMARY**

This article deals with the significance of concepts in a comparative way connected with spiritual wealth of our nation, deep sources of concepts and beliefs, interrelationship of man with plants, trees and bushes as totem symbols in the examples of the Uzbek, Karakalpak and English folklore.

# M A Z M U N Í

## TÁBIYIY HÁM TEXNIKALÍQ ILIMLER

**Fizika. Matematika. Texnika. Informatika.**

**Арзиева Ж.Т., Калмуратова С.М., Сейтниязов Н.Б., Жанхожаев А.А.** Көз қарашығы жәрдеминде аутентификациялаў усылы 3

**Хидиров И., Парпиев А. С., Жаксимуратов И.Ж., Махмудов Ш.А., Гетманский В.В.** Нейтронографическое исследование сплава внедрения $Ti_{1-x}Mo_xN$ …….. 4

**Jalelov R.M.** Neyron tarmog'i yordamida iris o'simliklarini tasniflash uchun matlab dasturi imkoniyatlaridan foydalanish ………………… 7

**Исмайлов К.А., Камалов Х.У., Исмайлов Б.К.** Кремний кристалл панжарасида никель киришма атомларининг геттерловчи хоссалари …….. 10

**Қудайбергенов А.А.** Магистрал каналлардаги сувнинг беқарор ҳаракатини оптимал бошқарув масаласининг математик модели ... 12

**Сайманов И.М.** Интернет вещей (IOT): литературный обзор …….. 16

**Утеулиев Н.У., Орынбаев А.Б., Махамбетов П.Ж., Мамутова А.К.** Өндиристи басқарыўдың бир хәм еки этаплы стохастикалық транспорт мәселелерин шешиўдиң программалық тәмийнатын ислеп шығыў ……………………………… 19

**Зикриллаев Н.Ф., Исамов С.Б., Турекеев Х.С., Камалов А.Б., Акимова Ж.О.** Кремнийга фосфор ва галлийнинг кетма-кет диффузияси натижасида галлий концентрациясининг ошиши …….. 21

**Biologiya. Zoologiya. Ekologiya**

**Алламуратова Г.Б., Хожабаева Ш.К.** «Даўыткөл» суў сақлағышы сазан – *cyprinus carpio* (linnaeus,1758) балығының паразитофаунасы …….. 24

**Алламуратов Б.Дж., Асенов Г.А., Есимбетов Р.М., Сейтмуратов Р.Қ.** Арқа-батыс Қызылқумында түски қум тышқанының (Meriones meridianus Pall) көбейиўи, жас, жыныс структурасы …….. 25

**Artiqov M.B., Xaytbayev T.D., Sabirov A.S., Khajibayev Q.G., Berdimbetova G.E.** Xanthium strumarium L: biological characteristics, pharmacology, and application in traditional medicine …….. 28

**Джумагельдиев Н.Р.** Аспекты экологической безопасности и основы государственной политики в области охраны окружающей среды в Каракалпакстане …….. 30

**Қўзибоева О.** Фарғона ботиғи ландшафтларини замонавий усулларда тадқиқ этиш ҳамда улар асосида ландшафтлардаги ўзгаришларни баҳолаш …….. 32

**Қўзибоева О., Расулов Э.** Фарғона ботиғининг геоморфологик тузилишини ўрганиш …….. 34

**Назаров Х.Т., Ибрагимов Л.З., Қушоқова Ф., Бобоев С.** Оролбўйи ландшафтларида экологик барқарорликни таъминлаш масалалари …….. 36

**Реймов Қ.Д., Ешмуратов А.Я., Гулимбетов Б.Д., Сейтмуратов А.Қ.** Ўзбекистоннинг шимоли - ғарбий ҳудудларида тарқалган визилдоқ қўнғизларига (coloeptera: carabidae) антропоген омиллар таъсирини экологик баҳолаш …….. 39

## JÁMIYETLIK HÁM EKONOMIKALÍQ ILIMLER

**Tariyx. Ruwqıylıq tiykarları**

**Абдуллаев А., Ктайбеков А.** Амударё бўлимида суд–ҳуқуқ тизимининг шаклланиши …….. 41

**Досмаганбетов С., Сейилбекова Р.** Музейные коллекции-информационный потенциал исторической науки …….. 43

**Ескараев Т.** Ахборатлашув жараёнларининг жамият тузилишида келтириб чиқараётган ўзгаришлари: истиқболдаги имкониятлар ва муаммолар …….. 45

**Мамажанов А.А.** Ўзбекистон автомобил саноатининг ривожланиши: тарихий тахлил (1996-2020 йй) …….. 48

**Tilewov E., Kurbanbayeva U.** Ruwxıy kámillikte ádep-ikramlılıq máseleleri …….. 50

**Тлеумуратова Н.М.** Қарақалпақ халқы тарийхын үйрениўде көркем әдебиятлардың орны …….. 52

## TIL BILIMI HÁM ÁDEBIYATTANÍW

**Til bilimi**

**Абишов Г.М.** Қарақалпақстандағы географиялық объектлердиң белгилери менен аталған айырым оронимлер ҳаққында ………… 54

**Акбарходжаева Ф.А.** Лотин тили тиббиёт терминологиясининг бойиш манбаси сифатида …….. 56

**Бахронова Д.** Оламнинг лисоний манзарасида фразеологизмлар назарияси тавсифи …….. 58

**Бакиров П.У.** Пословицы в обучении темы «Слог и типы слогов. слогоделение в ВУЗе» …….. 60

**Buxarbaeva J.** T.Mátmuratov shıǵarmalarında qaytalaw hám onıń túrleri …….. 62

**Джуманова Д.Р.** Специфика жаргонной лексики …….. 63

**Embergenova M., Embergenova M.** I.Yusupov shıǵarmalarında parsı-tájik tilinen kirgen ózlestirmeler …….. 66

**Гулямова Ш.К.** Бир туркум доирасидаги омоним сўзлар қуршовини лингвистик моделлаштириш масаласи …….. 67

**Кощанов К.М., Мураткамалова Р.Ж.** Қарақалпақ спорт терминологиясында шет тил өзлестирмелериниң қолланылыўы ҳаққында …….. 69

**Курбанбаева Б.Р.** Қарақалпақ тилиниң арқа диалектинде қолланылатуғын аўқат атамаларының қурылысы бойынша түрлери …… 71

**Мамбетова Г.Ж.** К.Султановтың «Ақдәрья» романында гидронимлердиң қолланылыўы …….. 72

**Нажимов А.Ш.** Түркий тиллерине ортақ жәмийетлик – сиясий лексика …….. 74

**Ruzimov Sh.** Inglizcha-o'zbekcha lug'at tuzush masalalari va istiqbollari …….. 75

**Юнусова Б.А.** Комбинатор тилшунослик тушунчаларининг базавий тизими …….. 77

**Юсупова Б.Т.** Қарақалпақ халық ертеклери тилиндеги еликлеўиш компонентли фразеологизмлердиң фонетика-лексикалық өзгешеликлери …….. 80

**Шынназарова С.Ж., Кайпназарова М.К., Гүлимбетова Г.Д.** Өзбек ҳәм қарақалпақ тили диалектлериниң байланысы (Ю.Ибрагимовтың илимий жумыслары мысалында) …….. 82

**Ádebiyattanıw**

**Абдалиева П., Амирлан С.Е.** Қарақалпақ балалар фольклорында айтпышлар …….. 84

**Aliyeva X.R.** Hayal-qızlar dóretiwshiliginiń jáhán ádebiyattanıw iliminde izertleniwi …….. 85

**Алламбергенов К., Эгамкулова Г.М.** Мәңгилестирилиўи тийис муқаддес мәдений мийраслар (тарийхы, ҳәзирги ҳалаты, келешек тәғдири мәселелери) …….. 87

**Алламуратов Ғ.А.** Қ.Мәтмуратовтың «Тербенбес» романында портретлердиң индивидуаллық ҳәм улыўмалық қәсийетлери ……. 90

**Дошанова Г.** Сирожиддин Саййид иккилик шеърларининг ғоявий – эстетик моҳияти …….. 92

**Qaniyazova F.A.** Liro-epikalıq shıǵarmalarda kórkem súwretlew quralları hám usılları …….. 94

**Mambetov Q.** Qaraqalpaq ádebiyatında poemanıń janrlıq hám formalıq ózgesheligi …….. 95

**Мамбетов К.** Историческая реальность и художественное мастерство поэта …….. 97

**Mambetova G.** Ádebiyat sabaqlarında shıǵarmalardı blum taksonomiyası tiykarında oqıtıw …….. 99

**Orbay Keziban, Orbay Metin.** The Bridge of Hearts from Amasya to Navoiy: "Ferhat and Şirin Lovers Museum" …….. 101

**Орынбаев Т.Б.** XIX әсир дидактикалық лирикасының изертлениўи …….. 106

**Өтепбергенова Г.** И.Юсупов шығармаларының поэтикалық тили …….. 108

**Сапарниязов Р.** Дарақт (ағаш) өсимлиги менен байланыслы мифологиялық ойлаўлар ҳаққында (өзбек, қарақалпақ ҳәм инглис фольклоры мысалында) …….. 109